



APRESYE AJAN SIKILASYON POU PASAJ PYETON AN !

Ajan sikilasyon sa yo ede elèv yo travèse lari ki gen anpil trafik pandan tout lane a, kèlkeswa jan tan an ye. Yo pote sekirite avèk souri ! Vin patisipe avèk nou pou rekonnèt travay di yo fè, nan Jounen Apresyasyon pou Ajan Pasaj Pyeton an, nan dat 24 mas 2021*.



Nonmen Ajan Pasaj Pyeton ou Pito a
Paran / Responsab Legal elèv nan lekòl piblik yo, pwofesè lekòl yo, ak anplwaye minisipal yo ka nonmen ajan pasaj pyeton yo pito oswa yon gwoup gadyen pou travèse lari pou "Crossing Guard of the Year." (Ajan Sikilasyon pou Pasaj Pyeton pou Lane a)

[Nonmen ajan pasyaj pyeton ou pito a isit la](https://www.tinyurl.com/yuq1trfy)
oubyen ale nan adrès [tinyurl.com/yuq1trfy](https://www.tinyurl.com/yuq1trfy)
pou pri "Ajan Pasaj Pyeton pou Lane" a.



Twa premye finalis yo pral parèt sou sit entènèt la, epi "Ajan Pasaj Pyeton pou Lane a" ap rekonnèt nan yon Seremoni SRTS Massachusetts nan mwa Jen !



Fè Foto Selebrasyon yo

Fè foto nan Jounen Apresyasyon pou Ajan Pasaj Pyeton an, epi pataje foto yo nan Instagram, Facebook, ak / or Twitter avèk ahtag sa :
[#MACGAppreciationDay](https://www.instagram.com/MACGAppreciationDay).



Plis Enfòmasyon ankò

Jwenn kat pou remèsiman ak plis enfòmasyon nan adrès entènèt nou :
www.mass.gov/safe-routes-to-school
Adrès elektwonik :
William.littlefield@aecom.com
Telefòn: 857-383-3815

*Si se nan klas vityèl ou ye nan dat 24 mas 2021, ou ka selebre nan nenpòt ki jou pandan mwa mas la. Tanpri, sonje sa, tout nominasyon yo toujou dwe resevwa anvan 24 mas 2021 pase.